

Avi Konfidansyalite

Dat Li Anvigè: 16 Fevriye 2026

AVI SOU PRATIK KONFIDANSYALITE

ENFÒMASYON OU YO. DWA OU GENYEN YO. RESPONSABLITE NOU YO.

Avi sa a dekri kijan yo ka itilize ak pataje enfòmasyon medikal ki konsène ou yo ak kijan ou kapab jwenn aksè nan enfòmasyon sa yo. **Tanpri, egzamine li ak anpil atansyon.**

ANGAJMAN NOU AN

Penn State Health konprann enfòmasyon sou sante w se yon bagay pèsònèl pou ou. Nou fèt pou nou pwoteje enfòmasyon medikal ou dapre Avi sa a, e jan lwa federal ak lwa Eta a mande sa, tankou Lwa sou Asirans Sante, Transfè ak Responsabilite (Health Insurance Portability and Accountability Act) 1996 (HIPAA) ak 42 CFR Pati 2 ("Pati 2") ki gen rapò ak dosye sou pwoblèm itilizasyon sibstans.

APLIKASYON AVI SA A

Avi sa a aplike pou tout antite ak anplwaye (tankou etidyan ak volontè) ki fè pati Sistèm Penn State Health (PSH) la. Ou ka aprann plis sou òganizasyon PSH la nan: <https://www.pennstatehealth.org/>

Avi sa a aplikab pou enfòmasyon PSH kreye oswa resevwa ki dekri:

- Sante mantal oswa fizik ou oswa kondisyon ou;
- Sèvis swen sante ou resevwa; oswa
- Peman pou sèvis swen sante ou resevwa.

Enfòmasyon nou dekri pi wo a rele enfòmasyon sante ki pwoteje oswa "(protected health information, PHI)", epi lwa federal ak lwa Eta kontwole li. Avi sa a pa aplike pou:

- Enfòmasyon medikal ki pa PHI;
- Plan Sante PSH oswa PSH kòm anplwaye;
- Nenpòt Antrepriz Konjwen kote PSH gen yon enterè ki pa adopte Avi sa a; epi
- Founisè medikal ki pa PSH.

AVI KONJWEN

Manm òganizasyon PSH la patisipe nan yon Aranjman Swen Sante Òganize ("Organized Health Care Arrangement, OHCA"). Patisipan OHCA yo ka pataje enfòmasyon ou youn ak lòt pou tretman ansanm, peman, ak operasyon swen sante. Chak manm OHCA a ap itilize, divilge, konsève, ak pwoteje enfòmasyon sante ou dapre Avi sa a.

DOSYE PWOGRAM FEDERAL SOU PWOBLEM ITILIZASYON SIBSTANS

Sèten etablisman, inite ak anplwaye PSH espesyalize nan bay tretman pou pwoblèm itilizasyon sibstans nan kad pwogram gouvènman federal finanse ("Pwogram"). Konfidansyalite dosye pasyan ki gen pwoblèm itilizasyon sibstans ke Pwogram sa yo kenbe pwoteje pa lwa federal espesyal ak règleman, anplis HIPAA. An jeneral, Pwogram sa yo pa ka divilge enfòmasyon ki idantifye ou kòm yon moun ki gen oswa ki te gen yon pwoblèm itilizasyon sibstans sof si:

- Ou bay konsantman ou alekri. Yon sèl konsantman ka itilize pou tout tretman, peman oswa operasyon PSH nan lavni;
- Divilgasyon an pèmèt pa yon òd tribinal; oswa

- Divilgasyon an fèt bay pèsònèl medikal nan yon ijans medikal oswa bay pèsònèl kalifye pou rechèch, odit, oswa evalyasyon pwogram.
- Divilgasyon an se pou lòt rezon Pati 2 ak lòt lwa ki gen rapò pèmèt.

KIJAN NOU ITILIZE AK DIVILGE PHI OU

TRETMAN

Nou ka itilize ak divilge PHI ou jan sa nesesè pou bay oswa kowòdone tretman. Sa vle di yo ka pataje enfòmasyon medikal ou yo ak lòt etablisman ak anplwaye PSH, oswa ak lòt doktè, ajans, ak lopital ki pa nan PSH.

Pa egzanp, doktè, enfimiyè, ak lòt pwofesyonèl ki enplike nan swen ou (anndan ak deyò PSH) ka itilize PHI ou pou voye ou kay yon espesyalis, rekòmande medikaman oswa planifye yon tretman pou ou.

OPERASYON SWEN SANTE

Nou ka itilize ak divilge PHI pou fè operasyon swen sante, tankou aktivite administratif, finansye, legal, analiz done, ak amelyorasyon kalite.

Pa egzanp, nou ka divilge PHI bay doktè, enfimiyè, teknisyen, etidyan, ak lòt manm pèsònèl PSH pou rezon edikasyon oswa pou kowòdone swen.

PEMAN POU SÈVIS

Nou ka itilize ak divilge PHI ou pou jwenn peman pou sèvis nou yo, epi tou pou mande apwobasyon peman alavans pou sèvis nan lavni. Divilgasyon PHI ka fèt bay plan sante, konpayi asirans oswa lòt tyès pati ki bay sèvis peman ak rekouvremant dèt.

Pa egzanp, nou ka itilize ak divilge PHI ou bay founisè asirans sante ou pou asire swen sante ou resevwa a fakti epi peye kòmsadwa.

LÒT FASON NOU KA ITILIZE OSWA DIVILGE PHI W YO

ASOSYE BIZNIS

Nou ka divilge PHI bay tyès pati ki gen kontra ak nou yo ke yo rele asosye biznis ki bay sèvis pou nou, tankou faktirasyon, antretyen lojisyèl ak sèvis jiridik.

AKTIVITE SANTE PIBLIK AK SEKIRITE

Nou ka divilge PHI pou aktivite sante piblik, tankou:

- Pou anpeche oswa kontwole maladi, blesi, oswa andikap;
- Pou rapòte nesans ak lanmò;
- Pou rapòte abi oswa neglijan timoun;
- Pou rapòte reyaksyon ak medikaman oswa pwoblèm ak pwodui;
- Pou bay avi sou lè gen pwodwi yo retire sou mache a paske gen pwoblèm;
- Pou bay avi si gen posibilite ou te ekspozè ak yon maladi, oswa si gen risk pou ou trape li oswa gaye li bay lòt moun;
- Pou fè otorite gouvènman ki konsène a konnen si yo sispèk gen abi, neglijan, oswa vyolans nan kay la; oubyen
- Pou rapòte yon krim nan lokal nou yo.

Anplis de sa, nou ka itilize ak divilge PHI:

- Pou redwi oswa anpeche yon menas grav pou sante ak sekirite ou, oswa sante ak sekirite lòt moun; epi

- Bay òganizasyon otorize ki patisipe nan efò sekou kont dezaz.

Pa egzanp, nou ka divilge PHI bay Kwa Wouj Ameriken an pou ede yo reponn a yon ijans piblik.

AKTIVITE RECHÈCH

Nou ka itilize ak divilge PHI ou pou rezon rechèch, si:

- Chèchè a resevwa apwobasyon nan men yon Konsèy Revizyon Enstitisyonèl (Institutional Review Board, IRB), oswa yon komite sanblab, ki gen responsabiltite pou pwoteje dwa konfidansyalite ak sekirite moun ki patisipe nan rechèch; oswa
- Ou ban nou otorizasyon alekri ou.

Anplis de sa, nou ka itilize ak divilge PHI, san otorizasyon, pou idantifye ak rekrite pasyan ki gen bezwen medikal espesifik pou patisipe nan inisyativ rechèch nan lavni.

ANSANM DONE LIMITE

Nou ka itilize enfòmasyon sante ou pou kreye yon ansanm done limite lè nou retire kèk enfòmasyon ki idantifye ou. Nou ka itilize ak divilge yon ansanm done limite sèlman pou rechèch, sante piblik, oswa operasyon swen sante, epi nenpòt tyès pati ki resevwa yon ansanm done limite dwe siyen yon akò pou pwoteje enfòmasyon sante ou.

ENFÒMASYON SAN IDANTITE

Nou ka pèmèt tyès pati itilize ak pataje enfòmasyon san idantite pou plizyè rezon, tankou men pa selman:

- Rechèch;
- Devlope, evalye ak amelyore pwodui ak sèvis ki bay PSH; epi
- Kreye analiz done ak enfòmasyon sou mache a, tankou pratik preskripsyon.

Avan enfòmasyon ou itilize pou rezon sa yo, enfòmasyon pèsònèl ki idantifye ou tankou non ou, adrès ou, ak nimewo dosye medikal ou retire. Nou sèlman pèmèt enfòmasyon sante debaz, tankou dyagnostik, medikaman, pwosedi, ak rezilta laboratwa pou itilize pou rezon sa yo. Enfòmasyon an pa ka itilize pou idantifye ou. Dapre HIPAA, enfòmasyon san idantite pa konsidere kòm PHI ankò.

KONFÒMITE AK LWA A

Nou ap divilge PHI ou lè lwa federal, eta, oswa lwa lokal mande sa.

DON ÒGAN AK TISI

Si ou se yon donè ògan, nou ka divilge PHI ou bay yon bank don ògan, oswa òganizasyon ki jere kolèt oswa transplantasyon ògan.

MEDSEN LEJIS OSWA DIREKTÈ PONP FINÈB

Nou ka divilge PHI bay:

- Doktè ki egzamine moun mouri oswa medsen lejis ka jwenn enfòmasyon medikal ou pou idantifye yon moun ki mouri, pou chèche kisa ki lakòz lanmò a, oswa pou lòt rezon lalwa pèmèt; epi
- Direktè ponp finèb yo, lè sa nesesè, pou yo ka fè travay yo.

KONPANSASYON TRAVAYÈ

Nou ka divilge PHI bay Konpansasyon Travayè oswa pwogram menm jan an ki bay benefis pou blesi oswa maladi ki gen rapò ak travay.

SANTE AK SEKIRITE NAN TRAVAY

Nou ka divilge PHI bay anplwayè ou lè nou te bay depistaj ak swen sante sou demand yo pou sante ak sekirite nan travay.

APLIKASYON LWA

Nou ka divilge PHI pou rezon aplikasyon lwa oswa bay yon ofisye fòs lòd jan lwa a otorize oswa mande sa.

AN REPONS AK Lòt DEMAND GOUVÈNMAN

Nou ka divilge PHI jan sa nesesè nan sikonstans espesyal sa yo:

- Bay chèf lame a, si ou se yon manm nan fòs lame;
- Bay otorite militè peyi etranje ki konsène a, si ou se yon militè ki soti nan yon lòt peyi;
- Bay ofisyèl federal otorize pou aktivite ransèyman oswa kont espyonaj;
- Bay ofisyèl otorize pou pwoteje Prezidan Etazini oswa lòt otorite nasyonal ak etranjè; oswa
- Pou fè investigasyon espesyal oswa aktivite jan lwa a otorize.

DEMAND LEGAL

Nou ka divilge PHI ou an repons ak:

- Yon òd tribinal oswa administratif.
- Yon lòd tribinal pou parèt oswa bay dokiman, yon demann legal pou jwenn prèv, oswa nenpòt lòt pwosedi lalwa pèmèt.

Anplis de sa, nou ka itilize epi pataje enfòmasyon medikal ou yo pou defann oswa pote yon pwosè ki gen rapò ak tretman ou te resevwa nan yon etablisman PSH.

Sof si lwa a pèmèt oswa mande sa, nou pap itilize dosye pwogram federal sou pwoblèm itilizasyon sibstans oswa temwayaj nan pwosè legal.

ECHANJ ENFÒMASYON SANTE

Nou ka patisipe nan Echanj Enfòmasyon Sante elektwonik ("Health Information Exchanges, HIE") pou fasilite pataj PHI ak lòt founisè swen sante, plan sante oswa lòt antite swen sante. Pa egzanp, PHI sou ou ka disponib pou plan sante ou ak doktè oswa lopital ki pa PSH, ki patisipe nan HIE a tou, pou rezon bay ou tretman, trete peman pou sèvis, oswa fè operasyon swen sante. Ou ka chwazi pou pa patisipe nan HIE yo lè ou soumèt yon fòmilè pou retire tèt ou bay pèsònèl enskripsyon ki ap ede ou pandan vizit ou nan PSH, oswa lè ou kontakte Jesyon Enfòmasyon Sante PSH ak enfòmasyon kontak ki nan bò anba Avi sa a.

BENEFIS AK SÈVIS KI GEN RAPÒ AK SANTE

Nou ka itilize ak divilge PHI pou enfòmasyon ou sou benefis, sèvis ak opsyon tretman ki gen rapò ak sante ke PSH ofri. Pa egzanp, nou ka enfòmasyon ou sou sèvis dyetisyen PSH ofri pou ede ou kontwole Dyabèt.

PREVANSYON KONT DANJE

Nou ka itilize ak divilge PHI pou anpeche yon menas grav ak imedya kont yon moun oswa piblik la.

ADMINISTRASYON MANJE AK MEDIKAMAN (FOOD & DRUG ADMINISTRATION, FDA)

Nou ka pataje enfòmasyon medikal ou yo ak FDA (ajans gouvènman ameriken ki kontwole manje ak medikaman) si sa gen rapò ak travay ajans lan pou siveye manje, sipleman, medikaman, ak lòt pwodui, oswa si sa nesesè pou fè rapèl pwodui, reparasyon oswa ranplasman.

AKTIVITE POU RANMASE LAJAN

Nou ka sèvi ak PHI pou kontakte ou pou mande ou fè don volontè oswa patisipe nan aktivite ki sipòte misyon charite PSH. Sa vle di nou ka pataje kèk ti enfòmasyon sou sante ou ak Inivèsite Pennsylvania State University, ki ede Penn State Health (PSH) chèche don lajan nan non PSH.

Si nou itilize oswa divilge PHI ou pou aktivite kolekte lajan, yo ap ba ou chwa pou dezenskri nan aktivite sa nan lavni, sa yo ap eksplike ou plis nan mesaj kolekte lajan ou resevwa a.

Nou pap itilize enfòmasyon pwogram federal sou pwoblèm itilizasyon sibstans pou kolekte fon san nou pa ba ou posiblite pou chwazi pa resevwa kominikasyon kolekte fon.

REPÈTWA LOPITAL PSH LA

Nou ka mete kèk enfòmasyon limite sou ou nan repètwa lòpital la pandan ou se yon pasyan nan youn nan etablisman nou yo.

- Enfòmasyon repètwa a ka gen ladan non ou, kote ou ye nan etablisman an, kondisyon jeneral ou (tankou “pasab,” “grav,” “kritik” elatriye), ak afilyasyon relijiye ou.
- Nou ka bay kèk enfòmasyon sou ou bay moun ki mande w, depi yo mande w pa non w. Enfòmasyon sa a pap gen ladan afilyasyon relijiye ou.
- Afilyasyon relijiye ou ka bay manm klèje a.
- Ou gen dwa mande pou yo pa pataje okenn pati, oswa tout, enfòmasyon sou ou ki nan lis/dosye enfòmasyon sa a. Ou ka mande tou pou admisyon ou nan PSH rete sekre; pou sa, ou bezwen di anplwaye PSH k ap bay ou swen yo klèman. Si ou mande pou admisyon ou rete konfidansyèl, moun ki rele ak vizite pap konnen ou se yon pasyan.

MOUN KI ENPLIKE NAN SWEN OU

Depi ou pa di non, nou ka pataje kèk enfòmasyon medikal prive sou ou ak yon zanmi oswa yon manm fanmi ki enplike nan swen medikal ou; pa egzanp, yon manm fanmi k ap al pran preskripsyon (medikaman) ou nan famasi pou ou.

AKTIVITE SIVEYANS SANTE

Nou ka divilge PHI ou bay ajans siveyans sante pou aktivite lwa a otorize, tankou odit, envestigasyon, ak enspeksyon. Aktivite sa yo nesèsè pou gouvènman an ka siveye kijan sistèm sante a ap mache, pwogram gouvènman yo, epi pou verifiye si nou respekte lwa yo.

PRIZONYE

Nou ka pataje PHI ak yon sant detansyon, oswa ak yon ajan lapolis, si ou se yon prizonye nan prizon an oswa si ou anba gad otorite.

ITILIZASYON AK DIVILGASYON KI BEZWEN OTORIZASYON/KONSANTMAN OU

Sof jan sa dekri nan Avi sa a, oswa jan lwa a pèmèt oswa mande sa, nou pap itilize oswa divilge PHI ou pou okenn lòt rezon sof si ou otorize nou fè sa alekri. An patikilye, yon otorizasyon/konsantman siyen obligatwa pou sa ki annapre yo:

- Itilizasyon ak divilgasyon pou rezon maketin;
- Pifò fason yo itilize oswa pataje nòt sikoterapi yo;
- Itilizasyon ak divilgasyon dosye Pwogram federal sou pwoblèm itilizasyon sibstans;
- Divilgasyon ki konstitye vant PHI ou; epi
- Itilizasyon ak divilgasyon pou sèten pwotokòl rechèch.

Si ou ban nou yon otorizasyon pou itilize oswa divilge PHI ou, ou ka revoke (retire) li nenpòt ki lè alekri. Sepandan, nou pa ka anile okenn divilgasyon ki te fèt deja ak otorizasyon ou. Dokiman ou siyen an ap dekri kijan ou ka retire otorizasyon ou. Revokasyon ou oswa refè ou bay yon otorizasyon pap afekte swen ou resevwa nan PSH, men li ka anpeche ou patisipe nan pwogram espesyal PSH ofri ki bezwen yon otorizasyon pou itilize ak divilge PHI ou.

DWA OU YO

Seksyon sa a eksplike responsabilite nou ak dwa ou dapre lwa federal, tankou HIPAA ak Pati 2.

ENSPEKTE AK JWENN YON KOPI ELEKTWONIK OSWA SOU PAPYE DOSYE MEDIKAL OU

Ak sèten eksepsyon, ou gen dwa enspekte ak jwenn yon kopi dosye medikal ou ki gen PHI.

- Pou enspekte ak jwenn yon kopi dosye medikal ou, ou ka kontakte Jesyon Enfòmasyon Sante PSH ak enfòmasyon kontak ki anba Avi sa a.
- Nou ka fè w peye yon frè ki rezonab pou depans fotokopi, depans lapòs, oswa lòt materyèl nou bezwen pou satisfè demann ou a.
- Nou ka refize demann ou a pou w gade enfòmasyon ou yo epi jwenn yon kopi, nan kèk ka limite sèlman; epi n ap fè w konnen desizyon sa a alekri. N ap fè w konnen pi devan si w ka mande pou yo revize desizyon sa a, epi kijan pou w fè demann lan.

Ou ka tou jwenn aksè nan yon pati enfòmasyon sante ou lè ou itilize pòtay pasyan PSH la. Ou ka mande pèsònèl enskripsyon ki ap ede ou pandan vizit ou pou ede ou kreye yon kont pòtay pasyan, oswa ou ka kontakte Jesyon Enfòmasyon Sante ak enfòmasyon kontak ki nan bò anba Avi sa a.

MANDE YON MODIFIKASYON NAN DOSYE MEDIKAL OU

Si ou kwè PHI sou ou pa korèk oswa li enkonplè, ou ka mande pou nou modifiye PHI ou.

- Ou dwe soumèt demand ou alekri bay Jesyon Enfòmasyon Sante ak enfòmasyon kontak ki nan bò anba Avi sa a.
- Nan demand lan ou dwe dekri rezon ou kwè PHI ou pa korèk oswa enkonplè.

Nou ka refize demand ou pou youn oswa plizyè rezon sa yo:

- Si PHI a pa t kreye pa nou, sof si moun oswa antite ki te kreye enfòmasyon an pa disponib ankò pou fè modifikasyon an;
- Si PHI a pa fè pati dosye PSH kenbe oswa kenbe pou PSH;
- Si PHI a pa fè pati enfòmasyon ou ta gen dwa enspekte ak jwenn; oswa
- Si PHI a kòrèk ak konplè.

MANDE KOMINIKASYON KONFIDANSYÈL

Ou gen dwa mande pou nou kominike avèk ou oswa bay ou enfòmasyon yon fason patikilye, tankou itilize yon nimewo telefòn espesifik oswa itilize yon lòt adrès korespondans.

- Ou dwe fè demand sa a alekri nan etablisman PSH ou ap vizite a, oswa lè ou kontakte Biwo Konfidansyalite a ak enfòmasyon kontak ki anba Avi sa a.
- N ap aksepte tout demann rezonab ou fè.

MANDE RESTRIKSYON SOU FASON NOU ITILIZE ENFÒMASYON SANTE OU

Ou gen dwa mande pou nou mete limit sou fason nou itilize oswa pataje enfòmasyon sante ou pou tretman, peman, oswa operasyon swen sante.

- Nou pa oblije dakò ak demann ou a. Eksepte si ou mande nou pou nou pa pataje PHI ak plan asirans sante ou, pou swen ou te resevwa a kote ou te deja peye PSH nèt (100%) dapre jan PSH abitye fè fakti yo. Ou dwe enfòme anplwaye enskripsyon an de demann sa a lè w ap resevwa sèvis la.
- Tout lòt restriksyon dwe soumèt alekri bay Biwo Konfidansyalite a ak enfòmasyon kontak ki nan bò anba Avi sa a.
- Nan demann nan, ou dwe di:
 - Ki enfòmasyon ou vle mete limit sou li;
 - Si ou vle limite itilizasyon nou, pataj nou, oswa tou lè de; epi
 - Kimoun ou vle limit yo aplike pou li.

MANDE YON LIS KÈK PATAJ ENFÒMASYON SANTE

Ou gen dwa resevwa yon lis ki montre kijan PSH te pataje kèk enfòmasyon sante ou. Dwa sa a pa enkli pataj ki fèt pou tretman, peman, ak operasyon swen sante, oswa lòt eksepsyon limite.

- Ou dwe soumèt demann ou an alekri bay Biwo Konfidansyalite a (Privacy Office) lè w itilize enfòmasyon kontak ki nan pati anba Avi sa a.
- Ou dwe mete dat yo ou ta renmen rapò a kouvri. Rapò a ka sèlman gen ladan divilgasyon ki fèt pandan sis (6) ane ki vini anvan dat ou soumèt demann lan.
- Premyè demann nan pandan nenpòt peryòd douz (12) mwa kalandriye a gratis. Y ap fè w peye yon frè rezonab pou chak lòt demann ou soumèt nan menm peryòd douz (12) mwa a.
- Ou ka jwenn yon fòmilè demann lis nan Biwo Konfidansyalite a lè w itilize enfòmasyon kontak ki nan bò anba Avi sa a.

IDENTIFYE YON REPREZANTAN PÈSONÈL

Si ou te bay yon moun otorite legal pou egzèse dwa ou ak chwa ou ki gen rapò ak enfòmasyon sante ou, n ap onore demann yo lè nou verifye otorite yo.

DEPOZE YON PLENT SI OU SANTI DWA OU VYOLE

Si ou kwè dwa konfidansyalite ou te vyole, ou ka:

- Depoze yon plent nan Biwo Konfidansyalite PSH la lè w:
 - Voe yon imèl ba nou nan Privacy@pennstatehealth.psu.edu;
 - Rele nou nan (844) 774-8727; oswa
 - Ekri nou nan P.O. Box 804, Mail Code: CA133, Hershey, PA 17033.
- Depoze yon plent bay Sekretè Depatman Sante ak Sèvis Imen la (Department of Health and Human Services), lè w ale sou sit sa a: www.hhs.gov/hipaa/filing-a-complaint/

Nou p ap pini ou paske ou depoze yon plent.

LWA ETA A AK LWA FEDERAL

Nou pral itilize ak pataje enfòmasyon medikal ou dapre lwa federal ak lwa Eta ki konsene a. Lè lwa federal ak lwa eta a an kontradiksyon, epi lwa eta a pwoteje enfòmasyon ou plis oswa ba ou plis dwa, n ap swiv lwa eta a. Pa egzanz, lwa Pennsylvania bay plis limit sou fason nou itilize oswa pataje dosye ki gen rapò ak VIH, ak sèten dosye sante mantal obligatwa.

RESPONSABLITE NOU

Men responsablite nou konsènan enfòmasyon sante ou:

- Lwa a mande pou nou kenbe konfidansyalite ak sekirite enfòmasyon sante ou;
- N ap fè w konnen si yon vyolasyon rive ki konpwomèt konfidansyalite oswa sekirite enfòmasyon sante ou;
- N ap swiv devwa ak pratik konfidansyalite ki dekri nan Avi sa a;
- N ap ba ou yon kopi Avi sa a; epi
- Nou p ap sèvi ak ni pataje enfòmasyon sante prive ou eksepte jan sa ekri nan Avi sa a, oswa jan lalwa pèmèt li. Nou p ap fè sa sof si ou ban nou otorizasyon alekri.

Pou plis enfòmasyon gade: www.hhs.gov/ocr/privacy/hipaa/understanding/consumers/noticepp.html

CHANJMAN NAN AVI SA A

Nou revize pratik konfidansyalite nou tanzantan. Konsa, nou rezève dwa pou fè chanjman nan Avi sa a nenpòt ki lè. Tout chanjman ap anvigè pou tout enfòmasyon sante ki nan men PSH, menm si yo te kreye oswa resevwa anvan chanjman sa yo. Anvan nou fè yon gwo chanjman nan fason nou jere ak pwoteje enfòmasyon prive yo, n ap mete avi sa a ajou epi n ap afiche yon kopi dènye vèsyon avi a nan lokal nou yo. Avi a ap gen dat li antre an vigè a.

RESEVWA YON KOPI AVI SA A

Ou gen dwa resevwa yon kopi sou papye Avi sa a. Ou ka mande yon kopi Avi sa a nenpòt ki lè. Kopi Avi sa a ap disponib nan nenpòt etablisman PSH, oswa lè w kontakte Biwo Konfidansyalite PSH la ak enfòmasyon kontak ki nan bò anba Avi sa a.

Ou ka jwenn yon kopi elektwonik tou nan:

<http://pennstatehealth.org/privacy-legal-notice>

KESYON

Si ou gen kèk kesyon sou Avi sa a, tanpri kontakte Biwo Konfidansyalite nou an lè w itilize enfòmasyon kontak ki nan bò anba.

ENFÒMASYON KONTAK ENPÒTAN

Biwo Konfòmite ak Konfidansyalite

P.O. Box 804, Mail Code: CA133 Hershey, PA 17033
(844) 774-8727

Privacy@pennstatehealth.psu.edu

Jesyon Enfòmasyon Sante

P.O. Box 850, Mail Code: HU24 Hershey, PA 17033
(833) 477-4446

HIMleadership@pennstatehealth.psu.edu

POR FAVOR SOLICITE UNA COPIA EN ESPAÑOL DE ESTE AVISO DE PRIVACIDAD A SU REPRESENTANTE DE ADMISIONES DE PSH.

कृपया आफ्नो PSH भर्ना प्रतनिधिबाट यस गोपनीयता सूचनाको नेपाली प्रतलिपि अनुरोध गर्नुहोस्।

VUI LÒNG YÊU CẦU BẢN SAO BẰNG TIẾNG VIỆT CỦA THÔNG BÁO QUYỀN RIÊNG TƯ NÀY TỪ ĐẠI DIỆN TUYỂN SINH PSH CỦA BẠN.

يرجى طلب نسخة من إخطار الخصوصية هذا باللغة العربية من مسؤول القبول المختص في PSH

TANPRI MANDE YON KOPI KREYÒL AYISYEN SOU AVI KONFIDANSYALITE SA A NAN MEN REPREZANTAN ADMISYON PSH OU A.



PennState Health